
उल्लास

प्रवेशिका
संक्षिप्त संस्करण





अपने लघु व्यवसाय को अब और ऊँचाई
देनी है, पढ़-लिख कर सफलता पाने की नई कहानी बुननी है।
उल्लास ULLAS
राष्ट्रीय शैक्षिक अनुसंधान और प्रशिक्षण परिषद्
NATIONAL COUNCIL OF EDUCATIONAL RESEARCH AND TRAINING


RECEPTION
कर्त्तव्य-बोध भी, पढ़ाई भी, अब मोबाइल से ऑनलाइन भी।
उल्लास ULLAS
राष्ट्रीय शैक्षिक अनुसंधान और प्रशिक्षण परिषद्
NATIONAL COUNCIL OF EDUCATIONAL RESEARCH AND TRAINING

उल्लास

प्रवेशिका

संक्षिप्त संस्करण



विद्यया ऽमृतमश्नुते

एन सी ई आर टी
NCERT

राष्ट्रीय शैक्षिक अनुसंधान और प्रशिक्षण परिषद्
NATIONAL COUNCIL OF EDUCATIONAL RESEARCH AND TRAINING



ये कलाकृतियाँ घर-घर पहुँचे,
बस मेरा यही सपना है।
साक्षर बन सशक्त बनूँ,
कुछ ऐसा इतिहास रचना है।

उल्लास ULLAS

राष्ट्रीय शैक्षिक अनुसंधान और प्रशिक्षण परिषद्
NATIONAL COUNCIL OF EDUCATIONAL RESEARCH AND TRAINING

उल्लास प्रवेशिका संक्षिप्त संस्करण

ISBN ???????

पहिल संस्करण

दिसंबर 2020 अग्रहायण 1942

पुर्नमुद्रण

फरवरी 2024 फाल्गुन

PD ??????

© राष्ट्रीय शैक्षिक अनुसंधान आ प्रशिक्षण परिषद्, 2024

₹ ??????

एन.सी.ई.आर.टी. वाटरमार्क 80 जी.एस.एम. पेपर पर मुद्रित।

प्रकाशन प्रभागमे सचिव, राष्ट्रीय शैक्षिक अनुसंधान आ प्रशिक्षण परिषद्, श्री अरविंद मार्ग, नई दिल्ली 110 016 द्वारा प्रकाशन प्रभागमे प्रकाशित तथा .... द्वारा मुद्रित।

सर्वाधिकार सुरक्षित

- प्रकाशकक पूर्व अनुमतिक बिना एहि प्रकाशनक कोनहुँ अंशकेँ छापब आ इलेक्ट्रॉनिकी, मशीनी, फ़ोटो प्रतिलिपि, रिकॉर्डिंग अथवा कोनो अन्य विधिसँ पुन: प्रयोग पद्धति द्वारा ओकर संग्रहण अथवा प्रचारण वर्जित अछि।
- एहि पोथीक बिक्री एहि शर्तक संग कएल गेल अछि जे प्रकाशकक पूर्व अनुमतिके बिना ई पोथी अपन मूल आवरण अथवा जिल्दक अलावे कोनो अन्य प्रकारसँ व्यापार द्वारा उधारी पर, पुनर्विक्रय वा किराए पर नहि देल जाएत, नहि बेचल जाएत।
- एहि प्रकाशनक सही मूल्य एकर पृष्ठ पर मुद्रित अछि। रबड़ केर मोहर अथवा साटल पर्ची (स्टिकर) वा कोनो अन्य विधि द्वारा अंकित कोनहुँ संशोधित मूल्य गलत अछि तथा मान्य नहि होएत।

रा.शै.अ.प्र.प. के प्रकाशन प्रभाग के कार्यालय

एन.सी.ई.आर.टी. कैंपस
श्री अरविंद मार्ग
नई दिल्ली 110 016 फोन : 011-26562708

108, 100 फीट रोड
हेली एक्सटेंशन, होस्डेकेरे
बनाशंकरी III इस्टेज
बेंगलुरु 560 085 फोन : 080-26725740

नवजीवन ट्रस्ट भवन
डाकघर नवजीवन
अहमदाबाद 380 014 फोन : 079-27541446

सी.डब्ल्यू.सी. कैंपस
निकट : धनकल बस स्टॉप पिनहटी
कोलकाता 700 114 फोन : 033-25530454

सी.डब्ल्यू.सी. कॉम्प्लैक्स
मालीगाँव
गुवाहाटी 781 021 फोन : 0361-2676869

प्रकाशन सहयोग

अध्यक्ष, प्रकाशन प्रभाग	:	*अनूप कुमार राजपूत*
मुख्य संपादक	:	*श्वेता उप्पल*
मुख्य उत्पादन अधिकारी	:	*अरुण चितकारा*
मुख्य व्यापार प्रबंधक	:	*विपिन दिवान*
संपादन सहायक	:	*????*
उत्पादन सहायक	:	*???*

आवरण आ सज्जा

पद्मश्री दुर्गाबाई व्याम

चित्रांकन

शशि शेट्ये, सुनीता, सुभाष व्याम, दुर्गाबाई व्याम, मानसिंह व्याम, प्रशांत सोनी, सागर अरणकल्ले, शुभम लखेरा, हबीब अली, जितेंद्र चौरसिया, हरिओम पाटीदार, नीलेश गहलोत, तापोशी घोषाल, रुचिन सोनी, मयूख घोष, सच्चिदानंद झा, राधाश्याम राउत, श्रेयसी दत्त

आमुख

राष्ट्रीय शिक्षा नीति 2020 पंद्रह वर्ष वा ताहिसँ अधिक आयु वर्गक ओहिसभ व्यक्तिकेँ साक्षर बनयबाक अवसर उपलब्ध करयबापर जोर दैत अछि, जे कोनो कारणसँ साक्षरता आ' संख्या-ज्ञान अर्जित नहि क' सकलाह। एहि संदर्भमे एहि नीतिक अनुशंसाक क्रियान्वयनक लेल 1 अप्रैल, 2022सँ भारत सरकार द्वारा 'नव भारत साक्षरता कार्यक्रम' (जकर लोकप्रिय नाम उल्लास अछि) प्रारंभ कयल गेल अछि जाहिमे प्रौढ़ शिक्षाक सभटा पक्ष शामिल अछि। एहि योजनाक उद्देश्य बुनियादी साक्षरता आ' संख्या-ज्ञान, महत्वपूर्ण जीवन कौशल, व्यावसायिक कौशल, बुनियादी शिक्षा आ' सतत शिक्षाक विकास अछि।

नव भारत साक्षरता कार्यक्रमक दस्तावेज़मे ई उल्लिखित अछि जे 2011 केर जनगणनाक अनुसार देशमे 15 वर्ष आ' ताहिसँ अधिक आयु वर्गमे अ-साक्षरक कुल संख्या 25.76 करोड़ (पुरुष 9.08 करोड़, महिला 16.68 करोड़) अछि।10–2009-सँ 18–2017 केर अनन्तर साक्षर भारत कार्यक्रमक अंतर्गत साक्षरक रूपमे प्रमाणित व्यक्तिकेँ 7.64 करोड़क प्रगतिकेँ ध्यानमे रखैत, ई अनुमान लगाओल गेल अछि जे वर्तमानमे भारतमे लगभग 18.12 करोड़ वयस्क एखनहुँ अ-साक्षर छथि। राष्ट्रीय शिक्षा नीति 2020 वर्ष 2030 तक 100 प्रतिशत साक्षरता प्राप्त करबाक लक्ष्य निर्धारित करैत अछि आ' राष्ट्रीय शैक्षिक अनुसंधान एवं प्रशिक्षण परिषदमे राष्ट्रीय साक्षरता केंद्र केर स्थापनाक अनुशंसा करैत अछि। एहि लक्ष्यक प्राप्त करबाक लेल राष्ट्रीय एवं राज्य स्तरपर कतोक सतत प्रयास कयल जा रहल अछि।

शिक्षार्थी अपन जीवनक अलग-अलग संदर्भमे अपन भाषा वा भाषा सभक मौखिक प्रयोगो करैत छथि आ' गणितीय समझक संग अपन-अपन काजमे लेनो-देन करैत छथि। हिनका मात्र पढ़ब-लिखब आ' संख्या–ज्ञान सिखबाक आवश्यकता छनि जाहिसँ गुणवत्तापूर्ण एवं गरिमामय जीवन जीबाक बाट प्रशस्त भ' सकनि।

'उल्लास'क अर्थ अछि– समाजमे सभक लेल आजीवन सिखबाक समझ ***(ULLAS- Understanding of Lifelong Learning for All in Society)*** आ' एकर आदर्श वाक्य अछि – जन-जन साक्षर। 'उल्लास'क अंतर्गत अ-साक्षर शिक्षार्थी सभक लेल उल्लास प्रवेशिका (संक्षिप्त संस्करण)क निर्माण कयल गेल अछि। ई प्रवेशिका 'उल्लास–प्रवेशिका (चारि भाग)'क संक्षिप्त संस्करण अछि। ई प्रवेशिका समेकित रूपमे बनाओल गेल अछि, जाहिमे भाषा आ' गणित दुनू शामिल अछि। विषय सामग्रीक रूपमे सात विषय (थीम) निर्धारित कयल गेल अछि जे सामान्यतः हमर लग-पास देखबामे अबैत अछि। ई विषय – 'परिवार आ' पड़ोस', 'गपशप', 'हमर रहन-सहन', 'हमर अगल-बगल', 'खान-पीन आ' स्वास्थ्य', 'मतदान' एवं 'कानूनी जानकारी' अछि। शिक्षार्थीकेँ पढ़ब-लिखब आ' संख्या–ज्ञान सिखबामे मदतिक लेल एकटा मार्गदर्शिकोक निर्माण कयल गेल अछि। ई मार्गदर्शिका स्वयंसेवी शिक्षकगण वा शिक्षकगण द्वारा उपयोगमे आनल जायत, जे शिक्षार्थीकेँ सिखबामे मदति करत। प्रवेशिका आ' मार्गदर्शिकामे देल गेल बिंदु सुझावक लेल अछि। शिक्षार्थीक स्तर, क्षमता, आवश्यकता आ' स्थानीय परिवेशकेँ ध्यानमे रखैत एहिमे आवश्यकतानुसार परिवर्तन कयल जा सकैत अछि।

'उल्लास' प्रवेशिकामे सम्मिलित बुनियादी साक्षरता आ' संख्या-ज्ञान संबंधी शिक्षण-बिंदु सभकेँ केंद्रमे रखैत शिक्षार्थी वा स्वयंसेवी शिक्षकक लेल सभ विषय (थीम)क आधारपर अभ्यास पत्र आ' ऑनलाइन मॉड्यूल वा वीडियो कार्यक्रमक सेहो निर्माण कयल गेल अछि जे दीक्षा मंच (DIKSHA Portal)पर 'सभक लेल शिक्षा' वर्टिकल आ' एनसीईआरटी केर यूट्यूब चैनल @NCERTOFFICIALपर उपलब्ध अछि। मार्गदर्शिका आ' वीडियो कार्यक्रमक सहयोगसँ शिक्षार्थीकेँ सीखब-सिखयबामे मदति भेटत।

परिषद् एहि प्रवेशिका (संक्षिप्त संस्करण)क निर्माणमे सम्मिलितसभ विषय-विशेषज्ञ लोकनि आ' परिषदक संकाय सदस्यगण एवं परियोजना-कर्मीगणक अथक परिश्रमक लेल आभार व्यक्त करैत अछि। संगहि ओहिसभ रचनाकार लोकनि आ' संस्थाओक प्रति आभारी अछि, जे सभ विविध प्रकारक सामग्रीक उपयोगमे उदारतापूर्वक सहयोग देलनि। एहि प्रवेशिकाकेँ आओर बेसी बढिया बनयबाक लेल अहाँक सुझावक स्वागत अछि।

फरवरी, 2024
नयी दिल्ली

दिनेश प्रसाद सकलानी
निदेशक
राष्ट्रीय शैक्षिक अनसुंधान और प्रशिक्षण परिषद्
नयी दिल्ली

प्रस्तावना

साक्षर होयब, पढ़ब-लिखब, संख्या-ज्ञान सीखब हरेक व्यक्तिक एकटा बुनियादी आवश्यकता थीक, जे गरिमामय जीवन जीबामे सहायता करैत अछि। राष्ट्रीय शिक्षा नीति 2020क अनुशंसाकेँ क्रियान्वयनक लेल भारत सरकार द्वारा नब भारत साक्षरता कार्यक्रम योजना प्रारंभ कायल गेल अछि जेकर लोकप्रिय नाम ***'उल्लास'(ULLAS-Understanding lifelong Learning for All in Society)*** अछि - ***समाजमे सभक लेल जीवनपर्यन्त सिखबाक समझ। एहि योजनाक उद्देश्य अछि***– 15 वर्ष आ ओहिसन अधिक आयुबला व्यक्तिकेँ एहि रूपे साक्षर करब जे ओ एक सशक्त व्यक्तित्व बनि सकथि आ समाजक विकासमे अपन योगदान द' सकथि।

राष्ट्रीय शिक्षा नीति 2020क अनुशंसाक अनुरूप नब भारत साक्षरता कार्यक्रममे मुख्य रूपस पाँच घटक सम्मिलित अछि -1) बुनियादी साक्षरता आ संख्या-ज्ञान, 2) महत्वपूर्ण जीवन कौशल, 3) बुनियादी शिक्षा, 4) व्यावसायिक कौशल, 5) सतत शिक्षा। अ-साक्षर शिक्षार्थीगणकेँ बुनियादी साक्षरता आ संख्या-ज्ञान सिखयबाक लेल एकटा संक्षिप्त प्रवेशिकाक निर्माण कयल गेल अछि, जेकर नाम अछि- ***उल्लास: प्रवेशिका संक्षिप्त संस्करण*** ई प्रवेशिका समेकित रूपेन बनाओल गेल अछि, जाहिमे भाषा आ गणित दुनू शामिल अछि। ई प्रवेशिका भाषा आ गणित संबंधी सिखबाक प्रतिफलपर आधारित अछि। एहि प्रवेशिकामे विषय सामग्रीक रूपमे ओहि विषय सभकेँ शामिल कयल गेल अछि, जे कोनहुँ युवाक जीवनस जुड़ल अछि। ई विषयसभ अछि – परिवार आ पड़ोस, बातचीत, रहन-सहन, अगल-बगलक परिवेश, खान-पीन आ स्वास्थ्य, मतदान, कानूनी जानकारी, समय, डिजिटल अंक, बैंक, कैलेंडर, पर्यावरण आ साइबर सुरक्षाक प्रति जागरूकता आदि। उल्लास प्रवेशिकामे एही विषय सभमे भाषाक कुशलता आ गणितीय अवधारणाकेँ एक संग लेल गेल अछि। उदाहरणक लेल 'परिवार आ पड़ोसी' पाठमे देल गेल आकारबला चित्रक माध्यमस मैथिली भाषाक परिचित शब्द सभकेँ चीन्हब, शब्द पढ़ब आ अक्षर-चीन्हब (अ आ न प स र व) तथा गणितमे 1 स 20 धरिक संख्या सभकेँ चीन्हब, पढ़ब आ लिखब सिखयबाक प्रयास कयल गेल अछि। एहिना 'मतदान' पाठमे मैथिली भाषाक अक्षर (क्ष घ ध ढ ढ़), शब्द, वाक्य एवं गणितमे समय देखब आ ओकर उपयोग करब (12 आ 24 घंताबला घ'ड़ी), कैलेंडर, समय-सारणी, रेल टिकटपर देल गेल सूचना सभक समझ बनायब, डिजिटल अंक सभकेँ चीन्हब आ लिखब सिखयबाक प्रयास कयल गेल अछि। एही तरहें ***उल्लास: प्रवेशिका संक्षिप्त संस्करण*** मैथिली भाषा आ गणितकेँ एक संग संबोधित करैत अछि। स्वयंसेवी शिक्षक स्वयं सेहो सिखबाक प्रतिफलकेँ ध्यानमे रखैत अपन अगल-बगलमे उपलब्ध अन्यहु प्रकारक सामग्रीक प्रयोग क' सकैत छथि।

हमरा विश्वास अछि जे ई सामग्री पढ़ब-लिखब आ गणित सिखबामे अ-साक्षर शिक्षार्थीगणक लेल सहायक होयत।

सामग्रीक संवर्धनक लेल अहाँ सभक सुझाव सादर आमंत्रित अछि।

फरवरी, 2024
नयी दिल्ली

उषा शर्मा
प्रोफेसर एवं प्रभारी
राष्ट्रीय साक्षरता केंद्र प्रकोष्ठ
एनसीईआरटी

स्वयंसेवी शिक्षकसभसँ दू टूक गप

राष्ट्रीय शिक्षा नीति 2020क अंतर्गत 'सभक लेल शिक्षा' (पूर्वमे 'प्रौढ़ शिक्षा)क अनुशंसाक क्रियान्वयन हेतु 'नव भारत साक्षरता कार्यक्रम'मे राष्ट्रीय स्तरपर विविध प्रकारक शैक्षणिक सामग्रीक निर्माणक उल्लेख किया कयल गेल अछि। राष्ट्रीय शिक्षा नीति -2020 मुख्य घटकक रूपमे बुनियादी साक्षरता एवं संख्या-ज्ञानपर बल दैत शिक्षार्थीक जीवनसँ जुड़ल महत्वपूर्ण जीवन कौशल सभपर विशेष ध्यान केंद्रित करैत अछि। नव भारत साक्षरता कार्यक्रममे देल गेल दिशा-निर्देशकेँ पूरा करबाक लेल ***'उल्लास' (ULLAS)***केँ एक एहन माध्यमक रूपमे देखल जा रहल अछि जे शिक्षार्थीगणक पढ़ब-लिखब सिखबाक लेल बहुतरास संभावनाक दुआरि खोलैत अछि। एही बिंदुकेँ ध्यानमे रखैत 'उल्लास' प्रवेशिका (संक्षिप्त रूप)क निर्माण कयल गेल अछि जे बुनियादी साक्षरता एवं संख्या-ज्ञानसँ संबंधित सीखबाक प्रतिफलकेँ प्राप्त करबामे सहायक अछि। एहिमे पढ़ब आ लिखब संग-संग होइत अछि माने भाषा आ गणित एकीकृत रूपमे चलैत अछि। सात अध्यायमे विभाजित एहि उल्लास प्रवेशिकामे बुनियादी साक्षरता एवं संख्या ज्ञानक संग-संग जीवनक महत्वपूर्ण कौशल, जेना – स्वास्थ्य, मतदान, कानूनी जानकारी, वित्तीय साक्षरता, डिजिटल साक्षरता, लोक जीवन आदिकेँ स्थान देल गेल अछि।

बुनियादी साक्षरता एवं संख्या ज्ञान सभक लेल शिक्षा (प्रौढ़ शिक्षा)क एक महत्वपूर्ण हिस्सा अछि। एकर उद्देश्य 15 वर्ष अथवा ओहिसँ अधिक आयुबला ओहन शिक्षार्थी सभकेँ साक्षर बनायब अछि जे शिक्षित तँ छथि, मुदा अक्षर ज्ञानसँ वंचित छथि, माने ओ अ-साक्षर छथि। नव भारत साक्षरता कार्यक्रमक अंतर्गत पढ़ब-लिखब वा संख्या ज्ञानक कौशलकेँ हमरा ओहि शिक्षार्थीगण धरि ल' जायब अछि जे कोनो कारणसँ स्कूल नहि जा पाबथि आ शिक्षाँस दूर रहथि। ई ओहनो शिक्षार्थी भ' सकैत छथि जे केकरो मदतिसँ थोड़ बहुत पढ़ब जनैत होथि, तेँ पढ़ब-पढ़एबाक एहि प्रक्रियामे हमर शिक्षार्थी अलग-अलग स्तरपर भ' सकैत छथि। इहो ध्यानमे रखबाक बात अछि जे ई शिक्षार्थी बुझनुक छथि, जीवनक एक लंबा अनुभव रखैत छथि आ भरिसक कुशल कारीगरो होथि। संभव अछि जे ई शिक्षार्थी कामकाजी होथि वा कोनो प्रकारक श्रम द्वारा आजीविका चलबैत होथि। ई घर आ घरसँ बाहरक ज़िम्मेदारी उठौनिहार व्यक्ति होथि। हमर उद्देश्य ई अछि जे हम हुनकर जीवनकेँ साक्षरताक लौसँ प्रकाशित करी आ हुनकर जीवनकेँ गुणवत्तापूर्ण बनयबामे सहयोग करी। ओ पढ़ब-लिखब आ गणितक समझ द्वारा अपन अनुभवसँ अधिक सीखि पाबथि, सोच आ समझकेर परिधिकेँ अधिक गहन एवं विस्तृत क' पाबथि। संग औ अपन क्षमताक विकास आ पूर्ण प्रयोग अपन जीवनकेँ उत्तम बनयबामे क' पाबथि जाहिसँ देश आ समाजक उत्थानो भ' जाय।

शिक्षार्थीकेँ पढ़ब-लिखब सिखयबाक क्रममे ई ध्यान राखी जे –

- एहि प्रवेशिकाक उद्देश्य बुनियादी साक्षरता आ संख्या ज्ञानसँ शिक्षार्थीकेँ अवगत करायब अछि। संगे हुनका एहि ज्ञानसँ जोड़ब अछि।
- ई शिक्षार्थी 15 वर्ष अथवा ओहिसँ उपरक आयुक छथि जनिका लग अनुभवक भंडार छनि। इहो संभव अछि जे हुनका लग हमरासँ अधिक अनुभवक भंडार होनि। तेँ हुनकर अनुभवक सम्मान करी, हुनका आदर दी आ हुनकर बातकेँ ध्यानपूर्वक सुनी।
- ओ अपन दैनन्दिनक कार्य स्वयं आ अपना ढंगसँ क' लैत छथि तेँ हुनकर कार्य कुशलताक प्रशंसा अवश्य करी।
- ध्यान राखू जे ओ पढ़बाक-लिखबाक प्रक्रियामे तखने ध्यानपूर्वक जुड़ि पौताह जखन हुनका पढ़ब उपयोगी लागतनि। तेँ पूरा तैयारीक संग पढ़ाउ आ अधिकसँ अधिक हुनकर जीवनसँ जुड़ल अनुभव सभकेँ उदाहरणक जकाँ बुझयबामे उपयोग करू।
- ई शिक्षार्थी मैथिली भाषा सुनबा आ बजबामे सक्षम छथि, ओ एहि भाषाक प्रयोग अपन गपशपमे करैत छथि। तेँ ध्यान राखू जे एहि भाषा ज्ञानक प्रयोग क' हम हुनका पढ़बा-लिखबाक पलखति दी। भ' सकैये शिक्षार्थी लग गणितक मौखिक प्रयोग करबाक कुशलता आ गनती करबाक अनौपचारिक तरीका तँ होनि, मुदा हुनका अंक सभक पहिचान नहि होनि आ गणितक समस्या सभक समाधान करबामे कठिनता होइत होनि। अहाँकेँ हुनका अंक-ज्ञानसँ जोड़बाक अछि - हुनकर गणितक समझकेँ बनबैत आ बढ़बैत।
- पाठ सभकेँ चित्र, कथा, पोस्टर आदिक माध्यमसँ पढ़यबाक प्रयास करू। चित्र पठन, पोस्टर पढ़ब आ अनुमान लगायब, चित्र सभकेँ देखिक' ओकरा नीचाँमे लिखल शब्द सभकेँ अनुमान लगाक' पढ़ब, 'पढ़ब' सिखबाक-सिखयबाक ढंग अछि, चित्र सभक खूब प्रयोग करू। चित्र सभमे एकटा चीजो भ' सकैये आ एकटा पूरा प्रक्रिया वा घटना सहितो। आवश्यकताक अनुसार चित्र सभक उपयोग विविध ढंगसँ कयल जा सकैत अछि, जेना- चित्रपर गपशप कयल जा सकैत अछि, चित्रमे उपलब्ध/देल गेल वस्तु/घटनापर चर्चा कयल जा सकैत अछि, चित्र द्वारा अनुमान लगाक' कोनहुँ कथा/कहानी बनाओल/बनबाओल जा सकैत अछि। प्रवेशिकोमे चित्र देखिक' अनुमान लगाक' पढ़बाक अवसर देल गेल अछि, जेना- भवन(घर)क चित्र देखिक' भवन(घर) शब्दक अनुमान लगायब आ पढ़ब, परिवारक लोक सभक चित्र देखिक' परिवार शब्दक अनुमान लगायब आ पढ़ब आदि।
- हमर शिक्षार्थी लोकनिक शब्द-भंडार वृहत अछि, तेँ अहाँकेँ एकर उपयोग करैत ओकरा पढ़ब आ लिखब सिखबामे मदति करबाक होयत। एकरा लेल हम व्यक्ति/वस्तुक नामसँ ओहिमे आयल अक्षर वा शब्दक पहिचान करबापर जोड़ देब।

बुनियादी साक्षरता –

- हम भाषाकेँ पूर्णरूपसँ बाजैत आ सिखैत छी, टुकड़ीमे नहि। शब्दकेँ तोड़िक' वा जोड़िक' पढ़ब-लिखब नहि सिखाओल जा सकैत अछि। तेँ पढ़ब-लिखब सिखयबाक क्रममे ई याद राखू जे शब्द आ वाक्य सभक मदतिसँ अक्षरक पहिचान करयबाक वा शब्दकेँ पढ़यबाक काज कयल जाए। जेना 'म' अक्षरक समझ बनयबाक लेल ओ शब्द जाहिमे एहि अक्षरक प्रयोग भेल अछि ओकरा देखायब आ पढ़बायब, जेना- आम, माला, मखान, माछ, टमाटर आदि।

- भाषा एक संदर्भ (Context)मे अपन समझ बनाबैत अछि। भाषामे संदर्भक संगहि लिखब-पढ़ब सिखाओल जाए। बिना संदर्भकेँ भाषाक अर्थपूर्ण होयब संभव नहि अछि, जेना – अजबारब शब्दक एकसरे प्रयोग होअय तँ ई बुझबामे मोश्किल अछि जे हम स्थान-शून्यताक बात क' रहल छी वा आरक्षित-स्थानक। ओतहि वाक्यमे एकर प्रयोग (जेना-हमर बुझौअलिक उत्तर हमरा भेटि गेल) एकर अर्थक सटीकता ओ ठीक समझ बनयबामे पढ़यबलाक मदति करैत अछि। वर्णमाला द्वारा सेहो अक्षर ज्ञान ओ अक्षरक समझकेँ विकसित करबयबाक कार्य कयल जा सकैत अछि, पहिने अक्षर सभकेँ शब्द सभमे देखाक', बाजिक' कहल जाए आ पहिचान करबाओल जाए। तकरा बादे वर्णमाला द्वारा पहिचानकेँ और मज़गूत कयल जाए। एहिसँ भाषाक शब्द भंडार, जेकर उपयोग शिक्षार्थी अपन दैनिक जीवनमे नित्य करैत छथि, ताहिसँ जोड़िक' पढ़बाक प्रयास करताह।
- हम प्रवेशिकामे अक्षरक संग अलग-अलग मात्रा सभकेँ जोड़िक' ओकर पहिचान करब सिखा रहल छी। एहिसँ अक्षर-ध्वनिक संबंध बुझबामे शिक्षार्थीकेँ आसान होयतनि आ हुनक नीक सम'झो विकसित होयतनि। जेना – प, पा, पि, पी, आदि।
- भाषा-खेलसँ सेहो पढ़ब-लिखब सिखयबामे मदति भेटत। संगहि अक्षर-ध्वनि-संबंधक समझ सेहो विकसित होयत जाहिसँ पढ़बा-लिखबामे आसानी होयत, उदाहरणक लेल एकसँ अधिक अक्षरक प्रयोग करैत शब्द बनायब आ पढ़ब, शब्द सभकेँ बाजब, पढ़ब-लिखब-सन खेल।
- अक्षरो जालक प्रयोगक' अक्षर ओ मात्राक पहिचान संबंधी समझकेँ आओर विकसित ओ सुदृढ़ कयल जा सकैत अछि। अक्षर-जाल शब्द-निर्माण आ शब्दक पहिचान करबाक एक नीक विकल्प अछि। प्रवेशिकामे कतोक ठाम भाषा खेल देल गेल अछि जतय शब्दकेँ चिन्हबाक आ ओकरा चीन्हिक' ओहिपर घेरा लगयबाक काज देल गेल अछि।

बुनियादी संख्या–ज्ञान

- संख्या ज्ञानकेँ भाषाक संगहि जोड़िक' पढ़यबाक लेल प्रवेशिकामे भाषा आओर गणितकेँ एकीकृत रूपमे सम्मिलित कयल गेल अछि। कहानी आ कवितासभ द्वारा भाषा आ संख्या–ज्ञानकेँ एक संग राखल गेल अछि। जेँ कि दुनू समझ-बुझ बना सकथि।
- संख्या ज्ञानसँ शिक्षार्थी थोड़-बहुत परिचित होयताह, किएक तँ ओ एकरा अपन दैनिक जीवनमे सुनैत, देखैत आ करैत होयताह, चाहे ओ रुपैयाक लेन-देन होअय, समान खरीदबाक होअय, तरकारी खरीदबाक वा बेचबाक होअय, समान गीनब होअय आदि। एहिसभ काजमे संख्या ज्ञानक आवश्यकता पड़ैत अछि। तेँ पहिने जानि लिअ' जे शिक्षार्थी संख्याकेँ कतबा जानैत आओर प्रयोग करैत छथि। तकर बादे आगाँक शुरुआत करू।
- हम अपन अगल-बगलमे उपलब्ध वस्तु सभक उपयोग संख्या सभक पहिचान करयबाक लेल क' सकैत छी, जेना मोबाइलक उपयोग अंक सभक पहिचान करबाक लेल क' सकैत छी। चुकी बजार सभक दैनिक जीवनक खगतासँ जुड़ल अछि आ बज़ारसँ समान खरिदबाक, बेचबाक उदाहरणसँ ओ बेसी नीकसँ समझ बना सकताह आ बुझताह जे पढ़ब-लिखब हमर जीवनकेँ आसान बनयबामे सहायक अछि। प्रवेशिकामे सेहो एही विधिएँ बज़ारक उदाहरण सभक संग संख्या ज्ञानसँ परिचित करबाक प्रयास कयल गेल अछि।
- किछु शिक्षार्थी सभकेँ चीज सभक गनतीक ज्ञान भ' सकैत अछि, तेँ चीज सभकेँ गानिक' संख्याक पहिचान करबाउ। संख्यासँ अवगत भेलाक बादे ओ बाँकी गणितीय अवधारणा सभकेँ बूझि आ सीखि सकताह।

- प्रवेशिकामे संख्याक पहिचान करओलाक बाद अहाँ पोस्टर, चार्ट व अन्य लिखित सामग्रीक उपयोग क' पहिचान आ समझकेँ गाढ़ करबा सकैत छी। फ्लैश कार्डक उपयोग द्वारा सेहो संख्याक पहिचान कराओल जा सकैत अछि।
- गणितीय अवधारणाकेँ आओर अधिक मज़बूत करबाक लेल दैनिक जीवनसँ जुड़ल उदाहरण बेसीसँ बेसी दिऔ आ ओकरा गणितीय अवधारनासँ परिचिति करयबाक लेल सेहो दैनिक जीवनसँ जुड़ल बेसीसँ बेसी उदाहरण दिऔ।
- जोड़ आ घटाउ सन गणितीय अवधारणाकेँ वस्तुक संग सिखाउ, जेना- तीनमे चारि जोड़लापर की भेटल, एकरा देखयबाक लेल एकेँ सन तीनटा वस्तुमे ओकरा सन चारिटा आओर वस्तुकेँ मिलाक' देखाउ आ गनबाक लेल कहू। ओहिना घटाउमे सेहो वस्तुकेँ हटाक' गनबाक लेल कहू।
- प्रवेशिकामे रुपैयोसँ जोड़ब आओर घटायब सिखाओल गेल अछि, जाहिसँ जोड़ आ घटाउक गणितीय अवधारणाकेँ सेहो बूझल जा सकय आओर रुपैयाक समझपर सेहो संगे काज कयल जा सकय। शिक्षार्थीक संग रुपैयाक लेन-देनक एकटा छोट-सन गतिविधिओ करबाओल जा सकैत अछि जाहिसँ हुनका रुपैयाक लेन-देनक समझ आओर जोड़ आ घटाउक गणितीय अवधारणा संग-संग समझाओल आओर सिखाओल जा सकय।
- कथा/कहानी आ गीतहुक माध्यमसँ गणितीय अवधारणाकेँ बुझयबाक प्रयास कयल जा सकैत अछि। इकाइ, दहाइ सन अवधारणाकेँ बुझयबाक लेल दैनिक जीवनसँ जुड़ल अनुभव लेबाक प्रयास करू। जाहिसँ शिक्षार्थीक समझ केर स्तर बढ़ियाँ भ' जाय। अलग-अलग वस्तु सभकेँ समूह बनवबाक' सेहो एहि अवधारणाकेँ बुझाओल जा सकैत अछि। एहिसँ शिक्षार्थी सभकेँ बूझ'मे आसानिओ होयतनि, किऐक तँ एहि कोटिक काज ओ अपन निजी ज़िनगीमे करैत होयताह।
- प्रवेशिकामे गुणाक अवधारणाकेँ सिखयबाक लेल जोड़क समझ केर प्रयोग कयल गेल अछि। एहिसँ नहि मात्र जोड़क समझ ठीक होयतनि अपितु गुणाकेँ बुझब सेहो हल्लुक भ' जयतनि। एकरा संग इहो जरूरी अछि जे वस्तुक संग गुणाकेँ बुझाओल जाए, जेना- चारि गुना बुझयबाक लेल एक वस्तुकेँ चारि बेर देखाउ। एहिना 2 × 2 देखयबा आओर बुझयबाक लेल 2टा वस्तुकेँ दू अलग-अलग समूहमे राखब आ गानिक' कहब।
- मापी/नापीक अवधारणाकेँ ओजन, जोख, सक्कत/ठोस आ द्रव पदार्थमे अलग-अलग नापीक ढंगक बारेमे गपशपक माध्यमसँ बुझाउ। शिक्षार्थी समान खरिदबाकाल समय मापकक इकाइकेँ सुनैत छथि आ एहिसँ किछू-किछु परिचितो होयताह। हमर उद्देश्य ई अछि जे जे जनतब शिक्षार्थी अछि, तकरा बुझू आ' फेर ओहिसँ जोड़ैत हुनका मापी/नापीक इकाइ सभसँ परिचिति करबाउ।
- अलग-अलग आकारक बर्तनक उपयोग क' क' इकाइ सभक पहिचान आ कोन कोटिक वस्तुक लेल हम कोन इकाइक उपयोग करैत छी, एहिपर गपशप करू। इकाइकेँ बदलबाक विषयमे सेहो एहिना गपशप कयल जा सकय जाहिसँ इकाइक समझकेँ विकसित कयल जा सकय। जँ केओ तरकारी बेचबाक काज करैत अछि तँ ओहि व्यक्तिसँ बाट मँगबाक', बाट देखाक' सेहो किलोग्राम आ ग्रामक समझ बनयबामे मदति करू। एहिना दूध नापबाक यंत्रकेँ देखाक' लीटरक समझ बनयबामे मदति कयल जा सकैत अछि।
- समय देखब सिखयबाक लेल प्रवेशिकामे सुइयाबला आ' डिजिटल, दुनू घड़ीक उदाहरण द' क' बात कयल गेल अछि। कोशिश करू जे समय देखब सिखयबाक लेल एकटा देबाल घड़ीकेँ शिक्षार्थीक समक्ष आनिक'

सुइयाक पहिचान आ सुइयाकेँ घुमाक’ समय अदलि-बदलिक’, समय देखब सिखाउ आ हुनका स्वयं घड़ी देखिक’ समय कहबाक लेल कहू। एहिसँ समयकेँ सीखब बढ़ियाँ सेहो होयत आ ओकर पूर्ण समझ सेहो बनत।

- अलग-अलग संदर्भमे डिजिटल घड़ीकेँ शिक्षार्थीक समक्ष निश्चित लाउ जाहिसँ ओ डिजिटल संख्या सभकेँ पढ़ब सीखि पाबथि आ’ डिजिटल तराजू, घड़ी आदिकेँ आसानीसँ पढ़ि पाबथि।
- 12 घंटा आ’ 24 घंटाक घड़ीकेँ पढ़बाक अलग-अलग ढंग अछि तेँ 24 घंटाक घड़ीकेँ कोना पढ़ल जाइत अछि, एहिपर गप करू आ ओकरा पढ़बाक ढंग जरूर सिखाउ। ट्रेनक टिकटक उपयोगक’ 24 घंटाक घड़ीक पढ़ब सिखाओल जा सकैत अछि।
- कैलेंडरकेँ पढ़ब आ’ देखब सिखयबाक लेल शिक्षार्थी सभकेँ एकटा कैलेंडर देखाउ आ’ महिनाक नाम आ तिथि पढ़ब सिखाउ। शिक्षार्थीकेँ प्रतिदिन कैलेंडर देखिक’ महिना आ तिथि कहबाक काज दिअ’ जाहिसँ ओ एकर उपयोग करथि आ पढ़थि। शिक्षार्थीसँ पूछल जा सकैये जे ओ अपन दैनिक जीवनमे कैलेंडरक प्रयोग कोना करैत छथि।
- संक्षिप्त प्रवेशिकामे महत्वपूर्ण जीवन कौशलसँ संबंधित विषय, जेना- कानूनी जानकारी, खान-पीन आ स्वास्थ्य, डिजिटल साक्षरता आदिकेँ शामिल कयल गेल अछि। एहि विषयसँ जुड़ल अन्य महत्वपूर्ण बिंदु, जेना- मतदान, बैंक खाता संबंधी जानकारी; साइबर सुरक्षापर गपशपक लेल अवसर देल गेल अछि। चेक बुक, जमा पर्ची आदिकेँ शिक्षार्थीक संग साझा क’ क’ ओकरा पढ़ब आ’ भरब सिखाउ।

अशेष शुभकामना!

निर्माण-समिति

परामर्श

दिनेश प्रसाद सकलानी, *निदेशक*, एन.सी.ई.आर.टी., नयी दिल्ली
श्रीधर श्रीवास्तव, *संयुक्त निदेशक*, एन.सी.ई.आर.टी., नयी दिल्ली

निर्माण-समिति

अक्षय कुमार दीक्षित, *मेंटर शिक्षक*, शिक्षा निदेशालय, दिल्ली
कृत प्रसाद, *प्रधानाचार्य*, मध्य विद्यालय, गौढ़ापुर, चंडी, नालंदा, बिहार
जुबैर कुरैशी, *पूर्व निदेशक*, राज्य संसाधन केंद्र, जामिया मिल्लिया इस्लामिया, नयी दिल्ली
निशात फ़ारूक़, *पूर्व निदेशक*, राज्य संसाधन केंद्र, जामिया मिल्लिया इस्लामिया, नयी दिल्ली
मंजुला माथुर, *सेविानवृत्त प्रोफ़ेसर*, सी.आई.ई.टी, नयी दिल्ली
यासमीन अशरफ़, *वरिष्ठ परामर्शदाता*, राष्ट्रीय साक्षरता केंद्र-प्रकोष्ठ, नयी दिल्ली
वर्षा सिंघल, *कनिष्ठ परियोजना अध्येता*, प्रारंभिक शिक्षा विभाग, नयी दिल्ली
अमन गुप्ता, *परामर्शदाता*, राष्ट्रीय साक्षरता केंद्र-प्रकोष्ठ, नयी दिल्ली
शिवा श्रीवास्तव, परामर्शदाता, राष्ट्रीय साक्षरता केंद्र-प्रकोष्ठ, नयी दिल्ली
सत्यवीर सिंह, प्रधानाचार्य, श्री नेहरू इंटर कॉलेज, पिलाना, बागपत, उत्तर प्रदेश
सुमन सिंह, *प्रधानाचार्य*, मध्य विद्यालय, छपरा, बिहार
सोनाली, *कनिष्ठ परियोजना अध्येता*, राष्ट्रीय साक्षरता केंद्र-प्रकोष्ठ, रा.शै.अ.प्र.प., नयी दिल्ली

समीक्षा-समिति

आयुष्मान गोस्वामी, *प्रोफ़ेसर एवं अध्यक्ष,* शिक्षा विभाग, क्षेत्रीय शिक्षा संस्थान, अजमेर, राजस्थान
कंचन देवरारी, *अपर निदेशक*, एस.सी.ई.आर.टी., देहरादून, उत्तराखंड
चाँदकिरण सलूजा, *निदेशक,* संस्कृत संवर्धन प्रतिष्ठान, नयी दिल्ली
प्रशांत पाण्डेय, *सहायक निदेशक*, एस.सी.ई.आर.टी., रायपुर, छत्तीसगढ़
संजीव कुमार, *पूर्व प्रधानाचार्य*, डाइट, आर.के. पुरम, नयी दिल्ली
सत्यवीर सिंह, *प्रधानाचार्य*, एस.एन.आई. महाविद्यालय, पिलाना, उत्तर प्रदेश
उषा शर्मा, *प्रोफ़ेसर एवं प्रभारी*, राष्ट्रीय साक्षरता केंद्र-प्रकोष्ठ, एन.सी.ई.आर.टी., नयी दिल्ली

सदस्य समन्वयक

उषा शर्मा, *प्रोफ़ेसर* एवं *प्रभारी*, राष्ट्रीय साक्षरता केंद्र-प्रकोष्ठ, रा.शै.अ.प्र.प., नयी दिल्ली

आभार

परिषद्, ओहिसभ चित्रकारक प्रति आभार व्यक्त करैत अछि, जनिक चित्रांकन पोथीमे शामिल कयल गेल अछि। पोथीमे चित्रांकनक लेल परिषद् शशि शेट्ये, नई दिल्ली; सुनीता, लोक चित्रकार (मांडना शैली), जयपुर, राजस्थान; सुभाष व्याम, लोक चित्रकार (गोंड भित्ति शैली), भोपाल, मध्य प्रदेश; मानसिंह व्याम, लोक चित्रकार (गोंड भित्ति शैली), भोपाल, मध्य प्रदेश; प्रशांत सोनी, उदयपुर, राजस्थान; सागर अरणकल्ले, नोएडा, उत्तर प्रदेश; शुभम लखेरा, चंदेरी, मध्य प्रदेश; हबीब अली, ग्वालियर, मध्य प्रदेश; अबीरा बंद्योपाध्याय, नयी दिल्ली; जितेंद्र चौरसिया, देवास, मध्य प्रदेश; हरिओम पाटीदार, धार, मध्य प्रदेश; नीलेश गहलोत, धार, मध्य प्रदेश; रुचिन सोनी, नई दिल्ली; मयूख घोष, कोलकाता, पश्चिम बंगाल; सच्चिदानंद झा, मधुबनी, बिहार; राधाश्याम राउत, भुवनेश्वर, ओडिशा आ' श्रेयसी दत्त, मधुबनी, बिहारक विशेष आभार व्यक्त करैत अछि।

परिषद्, प्रवेशिकाक आवरण पृष्ठक लेल पद्मश्री दुर्गाबाई व्याम, लोक चित्रकार (गोंड भित्ति शैली), भोपाल, मध्य प्रदेशक आभारी अछि।

परिषद्, भारत निर्वाचन आयोग, राष्ट्रीय मतदाता सेवा पोर्टल, भारतीय कृषि अनुसंधान केंद्र, सामाजिक न्याय एवं अधिकारिता मंत्रालय, प्रधानमंत्री जन-धन योजना, राष्ट्रीय आपदा प्रबंधन प्राधिकरण, राष्ट्रीय साक्षरता मिशन प्राधिकरण, राज्य संसाधन केंद्र, इंदौरक प्रति सेहो आभार प्रकट करैत अछि जनिक वेबसाइटसँ प्रवेशिकाक निर्माणक लेल उपयोगी सामग्री आ' चित्र प्राप्त भेल।

परिषद्, प्रवेशिकाक विकासक विभिन्न चरणमे सहयोगक लेल राष्ट्रीय साक्षरता केंद्र-प्रकोष्ठक बानी बोरा, वरिष्ठ परामर्शदाता; याचना गुप्ता, वरिष्ठ परामर्शदाता; रोहित नैनवाल, परामर्शदाता; ज्योति तिवारी परामर्शदाता; सिद्धांत सिंह, परामर्शदाता; भावना खेड़ा, कनिष्ठ परियोजना अध्येता; शुभम कुमार, सीनियर ग्राफ़िक डिज़ाइनर; फरहान अहमद, सीनियर ग्राफ़िक डिज़ाइन आ' जितेंद्र, टाइपिस्टक आभारी अछि। परिषद्, प्रारंभिक शिक्षा विभाग, एन.सी.ई.आर.टी.क सपना, टाइपिस्टक प्रति आभारी अछि जनिक सहयोगसँ एहि काजकेँ पूर्ण करबामे मदति भेटल।

प्रकाशन प्रभागसँ भेटल सहयोगक परिषद् आभार व्यक्त करैत अछि।

विषय-सूची

आमुख *iii*

प्रस्तावना *v*

स्वयंसेवी शिक्षकसभसँ दू टूक गप *vi*

निर्माण-समिति *xi*

आभार *xii*

1. परिवार आ पड़ोस **2–17**

- अ, आ, न, प, स, र, व
- 1 सँ 20 धरिक संख्यासभकेँ चीन्हब, पढ़ब आ लिखब

2. गपसप **18–37**

- इ, ई, ब, त, म, ख, ट, च
- 21 सँ 50 धरिक संख्यासभकेँ चीन्हब, पढ़ब आ लिखब
- 50 धरिक संख्यासभकेँ जोड़ एवं घटाओ करब
- इकाइ आ दहाइकेँ समूहमे गनब

3. हमर रहन-सहन **38–59**

- ओ, औ, झ, द, ल, ग, क, य
- 51 सँ 1000 धरिक संख्यासभकेँ चीन्हब, पढ़ब आ लिखब
- इकाइ, दहाइ आ सैकड़ाक समूहमे गनब (स्थानीय मान)
- 2 अंकक संख्यासभकेँ जोड़ एवं घटाओ
- एक अंकक संख्यासभकेँ गुणा करब
- 100-100 केर समूहमे गनब

4. हमर अगल-बगल **60–75**

- ए, ऐ, ज,भ, ड, ड़, श, ष, अनुस्वार, अनुनासिक
- तीन अंकबला संख्यासभक जोड़ एवं घटाओ करब
- लंबाइ, ओजन आ धारिताकेँ नापब
- दू अंकक संख्यासभकेँ एक अंकक संख्यासभसँ गुणा
- भागक समझ-बूझ

5. खान-पीन आ स्वास्थ्य **66–89**

- उ, ऊ, ह, छ, थ, फ, ठ
- समय देखब (घंटा, मिनट, सेकेंड)
- समयक इकाइसभकेँ परस्पर बदलब
- डिजिटल अंकक पहिचान करब एवं लिखब

6. मतदान **90–101**

- क्ष, घ, ध, ढ, ढ़
- समय-गणनाक उपयोग करब (12 आ 24 घंटा बला घड़ी)
- कैलेंडर, समय-सारिणी आ रेल टिकटपर देल गेल सूचनासभक समझ बनाएब

7. कानूनी जानकारी **102–111**

- त्र, श्र, ण, ऋ, ज्ञ
- कानूनसँ जुड़ल शब्दसभकेँ बूझब आ पढ़ब
- बैंक संबंधी फ़ॉर्म पढ़ब, बूझब आ भरब (चेक, जमा पर्ची, नकद निकासी पर्ची)
- साइबर सुरक्षासँ सम्बन्धी जनतब

हमर पोथी


हमर नाम – _____

हमर पता – _____

_____

हमर मोबाइल नंबर – _____


शासकीय सिविल केंद्र
मुस्कान बुटिक



गपसप लेल

1. ई चित्र कतहुक अछि ? 2. के की-की क' रहल छथि ? 3. अहाँक राशनक दोकानपर की-की भेटैत अछि ?
4. एहि चित्रमे कुल कतेक बच्चा अछि ? 5. चित्रमे कुल कतेक खाट अछि ? 6. भवनपर नंबर किएक दैत छियै ?
7. की अहाँक घरपर सेहो नंबर देल गेल अछि ? 8. गाछक त'रमे ठाढ़ आदमी की गप क' रहल हेताह ?

1 परिवार आ पड़ोस

हम सीखब

अ	आ	न	प	स	र	व

- 1 सँ 20 धरिक संख्यासभकेँ चीन्हब, पढ़ब आ लिखब।


चित्रसँ अनुमान लगा क' पढ़ू



दोकान



परिवार




देहरि



भनसाघर


पढ़ू आ लिखू

अ



अलमारी

आ



आदमी

अ आ

न



नल

ना



नारियल

न ना

शिक्षक-निर्देश – शिक्षार्थीसभसँ बेरा-बेरी चित्रक पहिचान करबाउ। चित्रक नीचाँ लिखल शब्दसभकेँ आँगुर राखि क' पढ़ू आ हुनकासभसँ आखर सेहो लिखबाउ। 'अ' आओर 'आ' केर ध्वनि आ आकृतिमे अंतरकेँ सेहो बुझाबी। एहि तरहेँ बाकी अक्षरसभकेँ पढ़बाक आ लिखबाक लेल कही।

प



पलाँकी

पा



पान

प पा

स



समौसा

सा

7

सात

स सा

र



रस्सी

रा




राखी

व



वन

वा



वाहन

देखू आ पढ़ू

नाना	अहाँ	बानर
पापा	आगाँ	सागर
पाठ	अनार	सपना
नाप	नर	नपना

शब्दसभकेँ चीन्हि क' घेरा लगाउ

अ	व	बा	ना	आ
हाँ	ना	न	रा	गाँ
ना	पा	र	आ	स
न	र	पा	ठ	प
व	सा	ग	र	ना


चित्र देखि क' खाली जगह भरू



ना .....




अ ..... र



बान .....


शिक्षक-निर्देश – स्वयंसेवी शिक्षक सीखल आखरसभकेँ बोर्डपर लिखथि आ शिक्षार्थीसभसँ शब्द बनेबाक लेल कहथि। सभ केओ मिलि क' शब्द बनाबथि। शिक्षार्थीसभकेँ आखर लिखबाक लेल प्रेरित करथि। लिखल शब्दसभकेँ बेरा-बेरी पढ़बाक लेल कहथि।

गनब आ संख्या चीन्हब




1

एकटा नाह




2

दूटा टमाटर



3

तीनटा बेलना




4

चारिटा आम




5

पाँचटा घर




6

छओटा बगुला




7

सातटा तौला



8

आठटा नल



9

नओटा अनार

शिक्षक-निर्देश – ई प्रयास करी जे शिक्षार्थी चित्रसभमे देखाओल गेल चीजसभकेँ गनथि एवं देखाओल गेल संख्याकेँ चीन्हथि। शिक्षार्थीसभकेँ अगल-बगलक चीजसभकेँ सेहो गनबाक अवसर दी। जेना– कोठरीमे कतेक गोटे छथि ?

देखू, गनू आ संख्या लिखू

1 1 ____

2 2 ____

3 3 ____

4 4 ____

5 5 ____

6 6 ____

7 7 ____

8 8 ____

9 9 ____

मोबाइल फोनमे कोन अंक कतए अछि ? खाली स्थानमे सही अंक लिखू।



.....एक

.....दू

..... तीन

.....चारि

.....पाँच

छओ.....

सात .....

आठ.....

नओ .....

शिक्षक-निर्देश – मोबाइलमे देल गेल अंकसभकेँ लिखबाक अभ्यास कराबी। ई कोशिश करी जे शिक्षार्थी एहि अंक सबकेँ पहिने अपने बाजथि आ तखन बिंदु सभक मदतिसँ लिखथि। जाहि शिक्षार्थीसभकेँ बेसी अभ्यासक आवश्यकता होनि तनिका बेर-बेर अभ्यासक अवसर दी। ई प्रयास करी जे शिक्षार्थी मोबाइलक की-पैडपर लिखल अंकक स्वरूपकेँ चीन्हथि आ ओकर आधारपर संख्यासभकेँ (1 सँ 9 धरि) लिखथि।

राजाक परिवार बैलगाड़ीसँ जा रहल अछि। देखू, गनू आ संख्या लिखू




- गाड़ीमे कुल कएकटा व्यक्ति छथि? ☐
- गाड़ीमे कएकटा पुरुष छथि? ☐
- गाड़ीमे कएकटा महिला छथि? ☐
- पथिआमे कएकटा तरबूज अछि? ☐
- गाड़ीमे कएकटा पहिया छैक? ☐
- गाड़ीमे कएकटा लालटेन छैक? ☐

खाली जगहमे संख्या लिखि क' क्रम पूरा करू


1		3	4		6			9

शिक्षक-निर्देश – शिक्षार्थीसभसँ वस्तु गनि क' सही संख्या लिखबाक अभ्यास कराबी। संख्या पढ़बा आ लिखबामे शिक्षार्थी सभक मदति करी। इच्छा हो तँ अपन अगल-बगल उपस्थित वस्तुसभक गनती सेहो करबा सकैत छी।


आउ, मिलि क' गनती करी




दसटा नल 10




एगारहटा खाट 11




बारहटा पात 12




तेरहटा अलमारी 13



चौदहटा गुड्डी 14



पंद्रहटा राखी 15




सोलहटा नारियल 16




सत्रहटा अनार 17



अठारहटा माछ 18



उन्नैसटा मोती 19



बीसटा काठी 20

खाली जगहमे संख्या लिखि क' क्रम पूरा करू –

10		12		14	15		17			20

शिक्षक-निर्देश – शिक्षार्थीसभसँ वस्तु गनि क' सही संख्या लिखबाक अभ्यास कराबी। संख्या पढ़बा आ लिखबामे शिक्षार्थीसभक मदति करी। इच्छा हो तँ अपन अगल-बगल उपस्थित वस्तुसभक गनती सेहो करबा सकैत छी।

अभ्यास-कार्य

1. देल गेल आखरकेँ चीन्हि क' ओहि सभपर घेरा लगाउ

न	–	नल	बेलना
स	–	सपना	बस
रा	–	राति	हीरा
पा	–	पालक	पापा


2. पढ़ू आ लिखू

पा प आ सु ना

3. चित्र देखि क' खाली जगह भरू



अ·····र



ना·····



·····मौसा

4. शब्द सभकेँ चीन्हि क' घेरा लगाउ

अ	व	वा	ना	आ
प	ना	न	रा	स
ना	प	र	आ	ना
न	र	पा	ना	प
व	सा	व	न	र





5. गनू आ संख्या लिखू

6. खाली स्थानमे संख्या लिखि क' क्रम पूरा करू

1		3	4					9


7. गनू आ संख्या लिखू

8. खाली स्थानमे संख्या लिखि क' क्रम पूरा करू

10		12		14	15		17			20


डाक घर



गपसप लेल

1. अपन बात अनका धरि पहुँचएबाक लेल एहि चित्रमे कोन-कोन विधिक उपयोग कएल जा रहल अछि? 2. की अहाँ कहियो डाकघर गेल छी? 3. अहाँ डाकघर कोन-कोन काजसँ जाइत छी? 4. समाचार कोन-कोन विधिसँ भेटैत अछि? 5. मोबाइलक प्रयोग गपसपक अतिरिक्त कोन-कोन काज लेल कएल जाइत अछि?

2 गपसप

हम सीखब

इ	ई	ब	त	म	ख	ट	च

- 21 सँ 50 धरिक संख्या चीन्हब, पढ़ब आ लिखब।
- 1 सँ 50 धरिक संख्याक जोड़ आ घटाओ करब।
- इकाइ आ दहाइ समूहमे गनब।

चित्रसँ अनुमान लगा क' पढ़ू



अखबार



डाक-पेटी




गपसप



मोबाइल

पढ़ आ लिखू

इ



इमली

ई




ईश

ब



बस

बा



बादल

बि




बी



बिलाड़ि

बीन

त



ता



तकिया

ताला

शिक्षक-निर्देश – चित्र देखिकेँ शब्द पढ़बामे शिक्षार्थीसभक मदति करी, हुनकासँ आखर लिखाबी। देल गेल स्थानमे चित्रक नाम लिखाबी।

ति




ती

3

तितली

तीन

म



मा



मकड़ा

माछ

मि



मी



मिठाइ

मीलक पाथर

ख



खा



खतरा


खाट

खि



खिड़की

खी



खीरा

ट




टमाटर

टा



टाइ

टि




टी



टिकस

टीका

च



चा

4

चरखा

चारि

चि




चिट्ठी

ची



चीनी


चित्र देखि क' खाली स्थान भरू



आ.....



घ.....



स .....इ




.....माटर

शिक्षक-निर्देश – शिक्षार्थीसभकेँ आखर आ ओहिसँ सम्बंधित शब्दसभकेँ चीन्हि क' लिखबा लेल प्रेरित करी।


वाक्यसभकेँ मिला क' पढ़ू

- मालगाड़ीपर सामान जा रहल अछि।
- रानी टीका लगबाबए गेलीह अछि।
- मुनमुन मिठाइ खा' रहलीह अछि।
- मीना बाबाकेँ चिट्ठी लिखलनि अछि।

चित्रक नाम लिखू




.....



.....



.....



.....

शिक्षक-निर्देश – शब्द पढ़बामे शिक्षार्थीसभक मदति करी। शिक्षार्थीसभकेँ आखर आ ओहिसँ सम्बंधित शब्दसभ चीन्हि क' छोट-छोट वाक्य लिखबा लेल प्रेरित करी।

- **पायलक घरमे 5 गोटे बैसल छलाह। 4 गोटे आओर आबि गेलाह। आब कुल कतेक लोक छथि?**


आ

मिला क' भेल


5 लोक	आ	4 लोक मिला क' भेल	9 लोक
5	+	4 मिला क' भेल	9
5	+	4 =	9

5 + 4 = 9 वा $\begin{array}{r} 5 \\ +\ 4 \\ \hline 9 \end{array}$

- **जोड़**

$\begin{array}{r} 13 \\ +\ 2 \\ \hline \\ \hline \end{array}$ $\begin{array}{r} 15 \\ +\ 3 \\ \hline \\ \hline \end{array}$ $\begin{array}{r} 12 \\ +\ 4 \\ \hline \\ \hline \end{array}$

7 + 2 = ☐

13 + 4 = ☐


- डाकबाबू पहिल दिन 8टा चिट्ठी बँटलनि। दोसर दिन 3टा। डाकबाबूसभटा मिला क' कतेक चिट्ठी बँटलनि?



_____

शिक्षक-निर्देश – शिक्षार्थीसभकेँ जोड़ आ घटाओ केर निशान चिन्हबाक आ गणितीय संक्रिया करबाक बेसीसँ बेसी अवसर दी। गणितमे '+' जोड़ केर निशान अछि, '–' घटाओ केर निशान अछि आ '=' बराबर केर निशान अछि।

- **नओटा बल्बमे दूटा बल्ब खराब भ' गेल। कहू, कएटा बल्ब चालू हालतिमे अछि?**



बल्बमेसँ



बल्ब खराब भ' गेल



चालू हालतिमे शेष बल्ब

9	बल्बमेसँ	–	2	बल्ब खराब भेल	=	7	बल्ब चालू हालतिमे शेष
9		–	2	शेष	=	7	
9		–	2		=	7	

$$\begin{array}{r} 9 \\ -\ 2 \\ \hline 7 \end{array}$$

वा

$$9 - 2 = 7$$

शिक्षक-निर्देश– दैनिक जीवनमे एहन अवसर अबैत अछि जतए दूटा संख्याक जोड़ करए पड़ैत अछि। शिक्षार्थीसभकेँ प्रोत्साहित करी जे ओ अलग-अलग संख्यासभकेँ जोड़ि पाबथि। छोट (9 धरि) संख्यासभक प्रयोग क' घटाओ सेहो क' पाबथि।

घटाओ

$$\begin{array}{r} 9 \\ -\ 3 \\ \hline \\ \hline \end{array} \qquad \begin{array}{r} 6 \\ -\ 2 \\ \hline \\ \hline \end{array} \qquad \begin{array}{r} 8 \\ -\ 4 \\ \hline \\ \hline \end{array}$$

$7 - 3 =$ ☐


$5 - 2 =$ ☐

- जावेद लग 20टा टाका छलननि, ओ 15 टाकाक फल किनलनि, आब हुनका लग कतेक टाका बचल छनि?

_____

आउ, जोड़ि क' गनती सीखी


मिठाइक एकटा डिब्बामे 10टा लड्डू अछि। 10 इकाइ केर मतलब 1 दहाइ होइत अछि। देखू, बूझू आ लिखू



20 + 1 = 21

2 दहाइ आ 1 इकाइ


एकैस



20 + 2 = 22

2 दहाइ आ 2 इकाइ

बाइस



20 + 3 = 23

2 दहाइ आ 3 इकाइ


तइस



20 + 4 = 24

2 दहाइ आ 4 इकाइ


चौबीस



20 + 5 = 25

2 दहाइ आ 5 इकाइ


पच्चीस



20 + 6 = 26

2 दहाइ आ 6 इकाइ


छब्बीस



20 + 7 = 27

2 दहाइ आ 7 इकाइ


सत्ताइस



20 + 8 = 28

2 दहाइ आ 8 इकाइ

अट्ठाइस



20 + 9 = 29

2 दहाइ आ 9 इकाइ

उनतीस



20 + 10 = 30

2 दहाइ आ 10 इकाइ वा

3 दहाइ




तीस

शिक्षक-निर्देश – एहि तरहेँ आगूक संख्यासभ लिखबामे शिक्षार्थीसभक मदति करी।

30	+	1	=	31
30	+	2	=	32
30	+	3	=	33
